



Pou Piblikasyon Imedya: 17/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINISMAN YON PWOJÈ DEVLOPMAN LOJMAN KI NAN PRI ABÒDAB KI KOUTE 23 MILYON DOLA NAN POUGHKEEPSIE**

*Crannell Square Gen 75 kay pou moun ki gen revni miks nan kè anba lavil Poughkeepsie*

*Devlopman fèt pou ankouraje sikilasyon pyeton otou Mill Street ak Main Street*

*Fè pati plan lojman ki pote tranfòmasyon, sou senkan, ki koute 25 milya dola Gouvènè a*

*Foto yo disponib [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse achèvmman yon pwojè devlopman lojman nan pri abòdab ki koute 23 milyon dola nan Vil Poughkeepsie. Crannell Square gen 75 apatman abòdab nan yon bilding ki efikas an enèji, ki gen ladan 12 kay ki bay sipò ak 26 ki gen yon preferans pou atis ki kalifye pou revni yo. Bilding lan, ki te konstwi sou plas yon pakin ki pa itilize ase, fèt pou amelyore peyizaj lari a epi ogmante sikilasyon pyeton nan anba lavil la.

"Administrasyon mwen an kontinye konsantre sou ogmante rezèv lojman abòdab nan vil tankou Poughkeepsie ak ekselan aksè ak travay, transpò piblik ak sèvis", **Gouvènè Hochul te deklare.** Envestisman sa a nan Crannell Square pral fasilite yon sant vil ki pi vibran, ki pi an sekirite epi ki pi atiran pandan y ap bay 75 kay modèn ak efikas an enèji pou endividyèl ak fanmi yo. Lè nou kreye nouvo opsyon lojman abòdab nan vil toupatou nan New York, n ap amelyore kalite lavi ak estabilite pou tout Nouyòkè yo."

Crannell Square fè pati plan Gouvènè Hochul nan tout eta a pou rann lojman pi abòdab, ekitab ak estab. Nan Bidjè Eta ki fèk adopte a, Gouvènè a te garanti ak siksè, yon nouvo plan lojman konplè ki koute 25 milya dola, sou senk ane, k ap ogmante apwovizyonman lojman lè li kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab atravè New York ki enkli 10,000 ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Devlopman an gen ladan yon bilding kat etaj nan distri istorik Upper Mill Street nan Poughkeepsie. Crannell Square fèt pou rekree konsepsyon istorik pewon ki pi enpòtan

nan katye ki antoure a epi ankouraje sikilasyon pyeton sou Mill Street. Devlopman an gen ladan yon nouvo plas pou pyeton ak ban ak peyizaj nan kwen nòdès sit la ki swiv chemen orijinal Crannell Street la.

75 apatman yo genyen yon melanj inite ki gen youn, de, ak twa chanm abòdab pou kay ki touche 100 pousan oswa mwens pase Revni Mwayen Zòn (Area Median Income, AMI) lan.

Yo rezève senk apatman pou moun ki gen bezwen sante mantal epi sèt apatman rezève pou moun ki gen andikap fizik. Rezidan sa yo pral gen aksè aK sèvis sipò sou plas ke Hudson River Housing ofri. Genyen yon apatman pou yon sipè-entandan sou plas.

Bilding lan te konstwi pou reponn ak estanda Pwogram Nouvo Konstriksyon Altitid Ba (Low-Rise New Construction Program) Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) ak sètifika Lidèchip nan Enèji ak Konsepsyon Anviwònmantal (Leadership in Energy and Environmental Design, LEED). Mezi ki efikas nan enèji gen ladan sistèm HVAC ak sistèm dlo cho ki gen gwo efikasite, izolasyon ki gen mous pilverizan ki gen gwo pèfòmans, ak fenèt ak aparèy enèji STAR yo. Bilding lan sètifye pa EPA Energy STAR Homes v3.1 ak sètifye pa EPA Indoor airPLUS

Ekipman rezidansyèl yo gen ladan yon chanm kominotè, enstalasyon lesiv, plas pou pyeton, espas travay pataje, yon sal lokatè, ak depo enteryè ak eksteryè pou bisiklèt.

Crannell Square sitiye nan yon distans a kèk pa ak Metro-North ak Estasyon Tren Amtrak Poughkeepsie a, Walkway Over the Hudson, Cunneen-Hackett Arts Center, Bibliyotèk Piblik Poughkeepsie, City Hall ak Biwo Konte Dutchess, ak Bardavon Opera House istorik la.

Devlopè pwojè a se Kearney Realty and Development Group, Inc., ak Hudson River Housing.

Finansman Eta pou devlopman gen ladan Kredi Enpo Federal ak Eta sou Lojman pou Moun ki gen Revni Fèb ki jenere 11.5 milyon dola nan fon pwòp ak sibvansyon 1.7 milyon dola ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominotè (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la. Sit la te aseni avèk siksè atravè Pwogram Netwayaj Sit Endistriyèl (Brownfield Cleanup Program) Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) la epi te vin elijib pou 2.9 milyon dola nan kredi fiskal lè pwojè a fini. NYSERDA te bay 65,000 dola sipò atravè Pwogram Nouvo Konstriksyon Altitid Ba a. Community Preservation Corporation te bay 12 milyon dola nan finansman konstriksyon, ansanm ak 5.5 milyon dola nan finansman pèmanan atravè patenarya li ak Fon Retrèt Komen Eta New York la (New York State Common Retirement Fund). Konte Dutchess te bay 500,000 dola nan fon HOME la.

Nan Bidjè Eta pou ane 2022-23 a, Gouvènè Hochul te pwolonje ak elaji [Pwogram Netwayaj Sit Endistriyèl](#) (Brownfield Cleanup Program, BCP) pwospè Eta New York la, ki te etabli pou ekspire nan desanm 2022. Pwogram lan otorize ankò pou 10 ane. Bidjè a amelyore pwogram lan nan ankouraje netwayaj nan kominote defavorize yo. Anplis de sa, pwogram lan reyafime angajman Gouvènè Hochul pou devlopman lojman abòdab nan elaji inivè pwogram lojman abòdab yo pou kredi fiskal sou pwopriyete BCP, sa ki bay benefis vital pou ankouraje reyamenajman teren endistriyèl ki p ap itilize yo pou tounen lojman abòdab endispansab. Mete sou sa, BCP kounye a ankouraje devlopman kèk sit enstalasyon enèji renouvlab, avèk nouvo kredi fiskal, pou ede konsantre sou reyamanajman ki oryante vè BCP epi satisfè objektif klimatik anbisye Eta a yo.

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York, te deklare,** "Pandan ekonomi Poughkeepsie ap grandi epi atire nouvo rezidan yo, nou dwe asire ke gen kay abòdab pou pwoteje rezidan ki la depi lontan yo, fanmi yo, ak moun ki gen bezwen espesyal pou deplase yo. Envestisman 23 milyon dola sa a pral pote 75 nouvo apatman nan katye Upper Mill Street ak ede ankouraje yon sant vil ki pi fasil pou pyeton epi ki ak akeyan, pandan n ap amelyore tou kominote atistik k ap grandi nan vil la. Nou kontan anpil pou nou fè patenarya yon lòt fwa ankò ak Kearney Realty ak Hudson River Housing nan yon lòt devlopman ki pote siksè."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare,** "Avèk finisman pwojè Crannell Square la, rezidan zòn Poughkeepsie yo pral kounye a gen plis aksè ak lojman abòdab ki ofri yon anviwonman pou yo viv ki efikas an enèji, ki an sante, ak konfòtab ak anprent kabòn ki fèb. Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) fyè pou l sipòte pwojè tankou sa a pandan y ap avanse angajman Gouvènè Hochul pou reyalize de milyon kay ki pratik pou klima ak yon konsantrasyon sou ekite pou asire tout Nouyòkè benefisye nan investisman enèji pwòp yo."

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la Basil Seggos te deklare,** "Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal la fyè pou l patisipe nan ede pote lojman abòdab pou Poughkeepsie epi kontinye travay anba lidèchip Gouvènè Hochul pou revitalize ak netwaye kominote yo atravè eta a. Se sa Pwogram Netwayaj Sit Endistriyèl New York la ap fè efò pou l reyalize epi nou remèsye Renouvèlman Kay ak Kominote a ak kominote lokal yo atravè rejyon an k ap travay pou restore ak redevlope pwopriyete ki pa itilize ase yo pou benefisye Hudson Valley ak tout Nouyòkè yo."

**Senatè Eta a, Sue Serino te deklare,** "Finisman pwojè etonan sa a pa te kapab rive nan yon pi bon moman paske kominote nou an gen gwo bezwen bon jan kalite, lojman abòdab. Nou rekonesan anvè Kearney Realty and Development Group, Inc. ak Hudson River Housing paske yo fè yon bon jan kalite investisman konsa nan Vil Poughkeepsie ak pou angajman yo genyen pou asire vwazen nou yo gen aksè ak yon espas lokal inik konsa."

**Manm Asanble Jonathan Jacobson te deklare,** "Sa a se yon bèl egzanp yon patenarya piblik-prive epi li montre angajman Gwoup Kearney pou bay bon jan kalite lojman abòdab nan vil Poughkeepsie."

**Majistra Poughkeepsie, Rob Rolison, te deklare,** "Vil la tèlman kontan pwojè sa a rive reyalize. Nou gen yon gwo bezwen pou lojman abòdab nan vil la, epi Crannell Square prezante yon melanj inite lojman ekselan ki ap mete aktivite nan zòn sa a epi ki pral estimile biznis ki tou pre tou".

**Christa Hines, Direktè Egzekitif, Hudson River Housing, te deklare,** "Hudson River Housing kwè nan lojman abòdab kòm fondasyon enpòtan nan kominote k ap pwospere ki bay opòtinite pou tout moun. Kay nou an se fondasyon kote nou tout ka reyalize tout potansyèl nou. Men, twòp rezidan nan Poughkeepsie ap lite pou kenbe fondasyon sa a, espesyalman pliske pri lojman an ap kontinye ogmante. Nou fyè dèske nou fè pati reyalizasyon Crannell Square kòm yon etap enpòtan nan asire abòdabilite nan Vil Poughkeepsie alontèm."

**Kontwolè Eta New York la, Thomas P. DiNapoli, te deklare,** "Envestisman nan byen imobilye yo te bay yon randman solid pou fon pansyon eta a epi yo te benefisye anpil zòn nan nò Eta New York. Nou fyè dèske fon pansyon eta a ka ede revitalize kominote New York yo epi pote lojman abòdab ki nesèsè anpil pou moun ki bezwen li."

**Kad Egzekitif Konte Dutchess, Marc Molinaro te deklare,** "Ak kou lavi a kontinye ap ogmante atravè rejyon nou an ak nasyon nou an, genyen plis lojman abòdab pou Konte Dutchess ak Vil Poughkeepsie ki disponib vin pi enpòtan pase anvan. Apatman sa yo pral ede sipòte fanmi lokal yo, atis yo, ak moun k ap viv ak defi tankou andikap fizik oswa maladi mantal. Nou rekonesan dèske nou gen bèl nouvo bilding sa a nan syèj konte nou an ak pou Kearney Realty and Development Group, Inc., ak Hudson River Housing pou angajman yo pou amelyore katye a."

**Vis Prezidan Prensipal ak Direktè Rejyonal Community Preservation Corporation lan, Doug Olcott, te deklare,** "Nou fyè dèske nou te kapab ede finanse yon lòt pwojè ak patnè depi lontan nou yo nan Kearney Realty pou ede kontinye revitalizasyon kominote Poughkeepsie la. Transfòmasyon pakin sa a soti nan yon pakin ak ansyen sit endistriyèl an yon bèl, bilding ki efikas an enèji se yon bagay nou tout ta dwe fyè de li. Crannell Square pral yon sous vital pou bon jan kalite lojman abòdab ki pral bay lokatè li yo yon anviwonman ki an sekirite epi ki bay sipò, epi ki pral yon ankraj estabilite pou kominote a. Mwen ta renmen remèsye Ken ak Sean Kearney, Hudson River Housing, Gouvènè Hochul ak ekip li a nan HCR, ak Kontwolè DiNapoli ak patnè pre nou yo nan fon pansyon Eta a pou sipò yo."

**Prezidan Kearney Realty and Development Group, Ken Kearney, te deklare,** "Crannell Square se yon lòt egzanp siksè Pwogram Lojman pou Revni Mwayen inovan Eta New York la. Sa ki yon fwa te yon pakin ke yo pa te itilize ase, kounye a li se lakay yon kominote dinamik ki gen revni miks. Nou tèlman fyè dèske nou pote devlopman

dinamik sa a nan Vil Poughkeepsie, epi nou rekonesan anvè patnè nou yo ki te ede reyalize devlopman sa a; Biwo Kay ak Kominote Eta New York; Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta New York; Vil Poughkeepsie; ak Depatman Planifikasyon Konte Dutchess."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418